Вакъуца хвезе хIинкъичIев Колял хIакъалъулъ

Зульфия ХIажиева

2

АхIмад Къадировасде миллатчагIазул гьужум

МухIамад БисавгIалиев

С. Пумахановасул пикру

5

ГIалихIмадилазул ГIабдула

Халкъиялги халкъиял гурелги поэтазул къец

6

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХIамзатов

№27 (27) 9 декабрь 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Гьурмал кьер хисулищали кьурал гьаркьал...

Бокьараб демократия ва законал хIалтIулеб пачалихъалда нилъеца бицине байбихьани Дагъистаналда парламенталъул рищиял тIоритIулеб къагIидаялъул хIакъалъулъ, гьезда щибниги бичIчIуларо нилъеца бицунеб харбил. Масала, Европаялъул цо пачалихъалда хIухьбахъун, ялъуни сапаралъ вугев районалъул, яги шагьаралъул бетIерас бицани, дун рищиязде ине кколин, гьезда гьев цеве тIамула гIодоб къоялъ цо партиялъе бюллетеньги рехун рокъове унев.

Гьезда бичIчIуларо гьел бутIруз тIаде рищиязул комиссиялги ахIун «Единая Россия» абураб партиялъе хъвазабулеб протоколалъул магIна. Гьел божуларо гьел жалазда рищиялин абуни. Гьебго къадаралъ жакъасел нилъер хIакимзабазда бичIчIуларо гьел рищиял халкъалъ гьаракь кьун гьаризе кколел жал рукIин. Гьел хадур гъеларо пуланав бетIерасул цохIо гурони гьаркьие ихтияр гьечIин бичIчIизабуни.

– Из Баку не позвонили дааа, – ян чIваркьун дихъ валагьун чIана избиркомалъул чи. Дир суалалда ва гьесул жавабалда ракI рекъечIев шагьаралъул бетIер квешго валагьана избиркомалъуласухъ ва байбихьана гьесде къажар мацIалда гьужумал гьаризе.

– Гьениб гIажаиблъи гьабизе жо гьечIо Джафар мугIалим, Россияги дагь–дагь ккун нужер нухде бачIунеб буго, – ян махсара гьабуна дица мэрасе.

! Гьанже нижеца жалго гьел хIакимзаби жидедасагогIаги нечелародаян киналго гьезул партиялъе кьола, цойги гъол гьаркьазда хадур рачIунелъул гьурмал кьер хисулищали.

Гьанжеялдаса чанго соналъ цеве Азербайжаналъул парламент бищулел рищиязда Россиялъул халгьабулезда (наблюдатель) цадахъ витIун вукIана дун. Бакуялде щвелалде Сиазань абураб гьитIинабго шагьар бихьизабуна дида цадахъ букIараб къокъаялда рищиязул халгьабиялъе. Шагьаралъул бетIерас лъикIго къабулги гьаруна, хIурмат ва гьоболлъиги гьабун хIорил рагIалда ругел гьундузухъ хIурмат гьабулеб букIана нижее. Доре щвараб къоялдаса байбихьун бежулеб белъулелъул махIазги ХIайдар бубал ва Ильгьам мугIалимасул сахлъияялдаса рорхулел лълъаразги тIуранго асир гьарун рукIана Россиялъул наблюдателал. Рищиял лъугIараб къоялъул бакъаниде Азербайжаналда парламенталъул рищиял демократиялъул нухда унел ругин абурал хъвай – хъвагIаял ва гъулбасал гьаризеян къватIире рахъана ниж. Дида гIага – шагарго бичIчIулеб букIана Азербайжаналда «демократиялъул» бугеб ахIвал – хIалги, щибниги нижер наблюдателлъияялъ хисизе жо гьечIеблъиги. Амма цIакъ гъира букIана Россиялдагун кинаб батIалъи бугищали хал – шал гьабизе. Щвана рищиял тIоритIулеб участокалде, каранда бараб наблюдателасул гIаламатги кисиниб бахчун гьикъана кинаб бугеб партиязул сияхIазе щварал процентазул къадарин столалда нахъа вугев чиясда.

Гьеб Азербайжаназул рищиял демократиялъул борхалъиян тезе бегьила исана цо хIакимасулгун избиркомалъул председателасул диалог рагIун хадуса.

– Щиб кколеб бугеб гьаниб? – ан абуна МахIачхъалаялдаса вачIарав хIакимас.

– Киналго «Единая Россиялъе» руго, нагагь нужее хIажалъани печатал чIварал цIиял протоколалги лъела цадахъ, – ин абуна рищиял гьарулес. Гьел жидер кIигояс гьарулел жал рищиял рукIиналда кинабгIаги щаклъиги букIинчIо гьев кIиго чиясул. Амма дида кинго бичIчIулеб букIинчIо, я жанибе лъикIаб машинадул нух гуреб, я газ гьечIеб, я хIалтIизе бакIал гьечIеб мискинаб хъутаналда бугеб гьеб росдал гIадамаца «Единая Россия» партиялъе гьаркьал кьеялъе гIилла. АнцIго соналъ гьеб партиялъухъ тIалъи бугониги, гьел гIадамазул гIумруялъулъ щибниги хиси ккун гьечIо. Щай кьурал гьеб партиялъе киназдего гIагарун халкъалъ гьаркьалин гьикъана цо ригь арав чиясда.

– ГIемераб хIалбихьана нижеца гьел районаздаса кьурал амруязда рекъон гьаркьал риччангутIизе цере – цереги. Коммунистазе кьолаан, цо нухалъ ццин бахъун тIубангоялде гIагарун росдаца ЛДПРалъе кьураб хIужаги ккана, хIакимзабазе квешезегоян. Нижеца кин гьел кьуниги, районалъ 80 процент, республикаялъ 90 процент «Единая Россиялъе» кьун бугин рачIуна къватIире хIасилал. Пайда щиб гьелгун къеркьон, рикIкIунел чагIазда бараб бугелъул кинабго, – ян абуна ХIамзат абурав чияс. Гьанже нижеца жалго гьел хIакимзаби жидедасагогIаги нечелародаян киналго гьезул партиялъе кьола, цойги гъол гьаркьазда хадур рачIунелъул гьурмал кьер хисулищали. МахIачхъалаялдаса вачIарав кIиго хIаким избиркомалъул чагIигун шуршудун рахъинегIан нахъегIанги чIун, шагьаралде бачIунеб гьезул машинаялде вахана дун. Росу къотIун унеб нухда бугеб хIарщул хIорил тIираби речIчIулел рукIана гьоркьохъев чиясда тIох бихьулел, хIарщул гьарурал мискиналго минабазул къадазда. Нухлул рагIалда бугеб чолониб лъабго лемагги къан, кварица гьеб щула гьабулев вукIана цо херав. «Единая Россиялъул» избирателасда релълъарав гIадав чи вукIана, гьел чолонирги, ахикь, хурзабахъги хутIарал чагIазул гьаркьаздаса лъугьунеб батила гьеб 90 процент гьаркьазулги. Пачалихъалъул бюджет гьенир жанир гIумру гьабулеб халкъалъул налогаздаса гIуцIулеб жо батани, гьеб гIарац хвезабизе тIокIаб кIудияб исрапчилъиги, ахIмакълъиги лъаларо 4 абилеб декабралда гIадал рищиял тIоритIиялдаса. Кинабго тIасан амру кьун хъвалебги батани, щибниги халкъалда гьикъулеб жоги гьечIони, щиб гьабизе гьаб гъоркьпалугьанлъи гьабизе тIубараб улка тIамулебали бичIчIизе кIоларо кинго. ЦохIо рищиязул компаниялде биччан буго пачалихъалъ 7 миллиардалдаса тIаде гъурущ гIарцул. Ихдал В.Путин вищизеги харж гьабизе чанго анцI-анцI миллиардал, нилъеда жакъаго гьев президентлъун вукIуневлъи лъалеб бугониги. ХIисаб гьабеха, Сахалиналдаса Калининградалде, полярияб Севералдаса нилъер росабалъе щун рищиязул комиссиязда тIад хвезаризе ругел миллиардазул, партиязул сияхIазда хъвазаризе цоцахъе кьолел ришватазул чан миллиард букIинебали. Дида рихьарал мискинал хIарщул рукъзабаздаса рахъарал, бесдалазе, инвалидазе, гIураб квен босизе гIарац гьечIел бюджеталъул хIалтIухъабазде щун чан гьел миллиардал хIажатаб бакI бугеб улкаялда.

ХIакъикъияб халкъалъул пикру загьир гьарулел рищиял ва гражданазе жавабияб тIалъи букIарабани бегьилаан харж гьабизе. Гурони чиновниказ ва рищиязул комиссияз протоколал хъваялъе миллиардал харж гьариялдаса кIудияб ахIмакълъи цойги батизе захIмат буго.

гара-чIвари

ЦIияб бергьенлъиялде ишан ва гражданазулаб жамгIият

Гъуниб районалда тIоритIарал тIолгохалкъалъул рищиязда тIоцебесеб бакIалде вачIана Ругъжаб росулъа республикаялъул налогазул инспекциялъул отделалъул нухмалъулев Пахрудин МухIамадов. Гъоркь вукIарав районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев Даниял ГIалиевасе кIиабилеб туралде ворчIизе гIун гьечIо цIакъго дагьаб къадар гьаркьазул ва гьезул хIасилалда кIиабилеб туралде рачIун руго Гьонодаса ГIабдулнасир Чупанов ва Ругъжаса Пахрудин МухIамадов. Живго Пахрудинил рагIабазда рекъон, лъабавго кандидатас халкъалда цере рахъун рагIи кьун букIун буго гIарцул къандалъабигун росабалъ терелеб къагIидаги тун, халкъалъухъе биччазе рищиязул ихтияр. Гьеб буго хIакимзабаз хитIабазулъ кидаго рехсолеб ва жеги цониги мисал букIинчIеб гражданазулаб жамгIияталъул гIаламатлъун. Гьебги хIисабалде босун хIукму ккана Гъуниб районалъул бетIерлъиялде кандидат Пахрудин МухIамадовасулгун гара-чIвари гьабизе, жакъа гьев вуго «Миллат» газеталъул гьоболлъухъ.

— Дица рагIи ккуна, рищиязул законалдаса къватIибе бахъараб, ялъуни нижер къотIи хвараб цониги гали лъечIо дир командаялъ. Рищиязда цебесеб хIалтIи гьабуна аслияб къагIидаялда районалъул гIадамалгун дандчIваяздалъун, гьезда программа ва Гъуниб район цебе тIезе ругел нухазул бициналдалъун. Данде рукIараз гьабуралъул дица бицинаро, гьеб кинабго буго гьезул ва кьураб жо батани, гьеб босарал избирателазул намусалда бараб жо. Амма щивав избирателас хIисаб гьабизе ккола жиндие гIарацги кьун хъулухъалде вачIунев чи кинал хIисабалгун цеве вахъун вугевали. ЧIолищ гьев халкъалъе гIарацги бикьун харжихъ балагьун. Цойги хIисаб гьабизе ккараб жо буго, абулелъул, цIунагийила бищунго гьеб власть цIикIкIун бокьулездаса. ГIарац кьун гьаркьал роси буго гьеб цIикIкIун бокьиялъул гIаламат.

— Дуеги батIаго рихун батиларо гьеб?

— Дие гьеб хIажат буго дирго гIумруялъулъ щвараб хIабихьиялдаса пайдаги босун халкъалъе пайдаял нахъе хутIулел

➔2

ЦIияб бергьенлъиялде ишан ва гражданазулаб жамгIият

⇨1 ишал гьаризе. Бигьаяб ва рахIатаб хIалтIи гьеб гуро, дир гIумруялъул магIна буго гьаб сагIат кIудияб интеллектуалияб, рухIияб нахърателги, чIагоял, захIмат бокьулел гIадамалги ругеб район республикаялда цебесеб кьерде бачине. Экономика, росдал магIишат, лъайкьеялъул ва сахлъи цIуниялъул рахъалъ руго гIемерал суалал гIумруялде рахинаризе ккарал. Цолъизабизе хIажат буго росабазухъ балагьичIого тIубараб районалъул халкъ. Гъуниб буго машгьураб ва тарихияб рахъалъ кIудияб лъалкI наслабазе тараб район. Гьеб кинабгоги хIисабалде босун гьабизе ккола хIалтIи.

— Республикаялъул нухмалъулез лъил рахъ кколеб бугеб?

— Республикаялъулазги гьеб ихтияр нижецаго гIадин халкъалъухъе кьун буго. Президентасеги хIажат ватиларо нахъа халкъалъул кверчIвайги гьечIев чи районалда къазавизе. Дир дандеккунгутIи гьечIо республикаялъул нухмалъигун. Гьелгун дагIбаялда рукIун районалъе щвезе жоги гьечIо, хасго дотацияз хьихьарал нилъер районазда.

— Дур кинаб тIокIлъи бугеб хутIарал кандидатазда цебе?

— Дица дирго тIокIлъабазул рахъалъ бицин рекъечIеб жо буго. Гьеб халкъалъухъе тезе ккола. Халкъалъ районалда бищунго цIикIкIун гьаркьал кьеялдалъун загьир гьабуна гьеб тIоцебесеб туралда. Дица лъугIана МахIачхъалаялъул финансазул колледж тIокIлъиялда, хадуб ДГУялъул экономикияб факультет. Гьанив хIалтIуда вукIаго лъугIизабуна Россиялъул пачалихъияб хъулухъалъул президентасда цебе бугеб академия. Экономикаги, финансалги руго нухмалъиялда вугев чиясда бищунго лъазе кколеб рахъ. ЛъикIаб нухмалъи гIуцIизе киданиги рес букIунаро районалъул экономикияб потенциалги, гьеб гIуцIиялъе ругел нухалги, гьеб пайдаяб къагIидаялъ харж гьабиялдаги тIад хIалтIичIони. Гьабизе ккола мониторинг, анализ гIаммаб лъагIалил бюджеталдаса чан проценталъ район жибго хьихьизе кIолеб жанисел сурсатаздалъун абураб. Налогалги, финансалги, экономикаги, управленияги буго дица теорияги цIалараб, практикаялдаги дида лъалеб рахъ. ХутIарал отраслязда гIуцIизе буго щибаб ишалъул профессионалазул команда.

— Мун шагьаралда ругьунав чиясе бокьилищ вахъун ун Гъунив чIезе, гIемерисел районазул бутIруз хъулухъ гьабула гьаниса телефоналъ, дурги гьеб мисал букIинадай?

— Шагьаралда лъикI бугин доваса гьаниве гуро векеризе кколев, гьанир ругел шартIал: сервис, хъулухъал, хIухьбахъиялъеги, хIалтIигьабиялъеги санагIалъаби районцоязе гIуцIизе ккола дора. Гьел къасдалгун ва мурадгун лъураб кандидатураги.

— ТIоцебесеб туралъул хIасилаздаса рази вугищ мун?

— Дица баркала загьир гьабулеб буго тIоцебесеб туралда дида божилъи гьабун гьаркьал кьурал районцоязе, кьечIездаги гIайиб чIваларо, щибасул бугелъул жиндирго пикруялъе ихтияр. Амма гIезегIан гьаркьал камун ратана нижерго гъалатIаздалъун. КIиабилеб туралда кинабго хIисабалде босизе буго.

— Дуца гьаб суалалъе къокъаб жаваб кьуна, балъголъаби рагьизе бокьичIогойищ?

— ГьечIо кинабгIаги балъголъи, дун рагьун халкъалда цеве вахъулев вуго программагун ва гьеб тIубазе ракIалда буго кинал захIмалъаби дандчIваниги. Гьаркьал щвезеян гIумруялде бахъинабизе кIолареб жо дица рехсечIо.

! Дир программаялъул аслияздаса цояб пунктлъун буго щибаб бакIалъул, росабазул вакиллъи цIунизе районалда кадровияб политикаялъулъ. Лъай бугел, иш бажарулел гIадамал тезе хъулухъалда.

— Нилъеда лъалеб жо буго кандидатура лъурав щивав чияс гIемерал, цо-цо мехалда тIуразаризецин кIоларел масъалаби лъола цере, рагIи кьола избирателазе битIахъе алжаналда гIадаб гIумру букIинин. Дур хутIарал кандидатаздаса батIияб программа бугищ, аслияб тIадчIей сунда гьабизе бугеб?

— Программаби гIемерисеб мехалда цоцада релълъарал рукIуна, кIиабизе – гьабизе бугеб хIалтIул программа чиясда гъова жаниве лъугьун бугеб ахIвал–хIал бичIчIун хадуб гIадин мухIканго лъаларо. Буго цохIо рахъ дица программаялъул аслияб гIадин избирателазда цебе рагIи кьураб. Дие гьаркьал кьурав ва кьечIев щивав Гъуниб районалдаса избирателасда лъазе буго лъагIалил бюджеталда кинаб статьяялда кигIан гIарац биччан бугебали. Щивав жавабияв хIалтIухъанас хIисаб кьезе буго гIарац киб ва кигIан харж гьабурабалиги. Гьединабго хIал букIине буго росабазул администрациязул бюджетазулги. Бюджет тасдикъ гьабурабго щибаб росдал администрациялда лъазе буго иргадулаб лъагIалие сундуе ва кигIан гIарац биччан бугебали. Дица халкъалъгун цадахъ хъаравуллъи гьабизе буго бюджет битIун хIалтIизабун бугищали. ГIурусалъ абула гьелда прозрачность бюджета абун, гьеб хIажат буго тIоцебесеб иргаялда.

— Гьелъ гIадамазул гIумру лъикIлъулищ, дур хIисабалда?

— ГIадамазда гIарац араб бакI лъалеб бугони, рес букIунаро гьеб бикъизе. БикъунгутIиялъ гурищ лъикIлъулеб гIумру – яшав. Гьеб буго гъоб кидаго нилъеда рагIулеб гражданское общество абураб жо гIуцIи. Гражданское обществоялъул гIаламат буго халкъалъ бищулеб ва гьезие жавабияб власть бугеб бакIалда букIунеб жо. КIиабизе – цIакъ гIемер руго пачалихъалъ халкъалъе гьарурал бигьалъаби: льготаби, субсидиял ва цогидал рахъал, нухмалъиялъ гьеб гIарац халкъалъухъе щолел механизмаби хIалтIизе риччачIого хутIарал. Халкъалъул гIемерисезда гъол рукIинцин лъаларо, хIажат буго росабазул бутIруздаса сверун ва щибаб росдал администрациялда совещаниял тIоритIун гьел халкъалда ричIчIизаризе ва гьарулеб къагIидаялъе нухал рагьизе.

— Гьеб рахъ гIемерисеб мехалда районалъул хIакимазда барабги букIуна, ругъеждериени гьеб дур кумекалдалъун щвела, кIвелищ дуда щибаб гьитIинаб росдалги тIалаб гьабизе?

— Дуца дун цIана кадровияб политикаялде. Дун цохIо ругъеждерил гурев, тIубанго районалъул бетIерлъунлъидал унев вугев. ЦохIо жиндирго росдал тIалабалда чIун гIисинлъизе бегьуларо. Щибаб росдал руго лъайги бугел, ишги бажарулел гIолохъаби. Дир программаялъул аслияздаса цояб пунктлъун буго щибаб бакIалъул, росабазул вакиллъи цIунизе районалда кадровияб политикаялъулъ. Лъай бугел, иш бажарулел гIадамал тезе хъулухъалда. Дагъистаналда кадровияб политикаялда миллияб квота цIунараб гIадин, районалдаги хIажат руго киналго данде гьаризе. Гъуниб район республикаялъего кадраби кьолеб, церетIурал лъай бугел гIадамал ругеб бакIлъун букIана кидаго.

ХIажат буго район тIадехун рехсараб къагIидаялда цолъиялде ва цебетIеялде бачине.

— Бицунеб жоялъухъ балагьунни мун цохIо Гъуниб районалъ гурев, аскIор ругезги вищулеб хIал буго, дур пикруялда гьеб программаялъухъ гIенеккулев чиго вукIунадай?

— Дица тIуразаризе кIоларел жал рехсолел гьечIелъул, дица дуда бищунго кIвар бугеб ва тIоцебе хIисабалде босараб чанго рахъ рехсана. Программаялда хурхун халкъалъул кинаб пикру букIунебали абизе захIмат буго. Щайгурелъул гIадамазда цIакъ гIемер рагIаралъул гьал соназдаго кандидатаз «пулел гьурал». Дир пикруялда, халкъалъ гьаркьал аслияб къагIидаялда кьола гIумруялъулъ, ишазулъ цевехун гьев чи кинав вукIаравали балагьун. Дица я росу, я район, я дида сверухъ ругел гIадамал нечезарураб жо киданиги гьабичIо. Жиндир бакI гуреб бакIалде рагъарарал чагIазулги дица хIурмат гьабуларо, гьеб хъулухъалдеги дун унев вуго лъабго батIияб бакIалдаги цIалун, гIезегIан соназул хIалтIул хIалбихьиги щун хадув.

— Гъуниб район буго республикаялда гIемерал бечедал ва кIудиял хъулухъазда гIадамал ругеб район. Гьел нужер рищиязда гъорлъе лъугьунел ругищ, лъида хадур кинал къуватал ругел?

— ТIоцебесеб туралда рагьун цо кандидатасул рахъ ккурал, яги хитIабал гьарулел чагIи рукIинчIо. ГьабсагIаталда рахчун тIуразе гьечIо гьел, я гъол гьоркьорего лъугьинчIого чIела, ялъуни дица пуланав кандидатасул рахъ ккве-лин абизе ккезе буго. КIиязего данде кколеб хабар бициналдаса ана гьанже.

— Республикаялъул гIемерисел районазда бутIрул рищулел руго депутатаз, мунго бетIерлъун ккун хадув гьеб къагIидаялде вачIине ракIалда вугищ?

— ТIолго халкъалъ бетIерлъун вищун власталде щварав чиясда рекъон букIунаро халкъ бетIер вищулеб къагIидаялдаса махIрум гьавизе. Гьеб суалги, тIоцебесеб иргаялда, дандбазе ккола халкъалъулгун, гъодинаб хIажалъи батани референдумцин тIобитIизе бегьула гьеб суалалда тIаса. Дидаго халкъалъ рищулеб къагIида ритIухъаблъун бихьула.

— Бечедав чи вугищ мун, рищиязде унел кандидатал гIемерисел бечедал гIадамал рукIуна?

— Бечелъи буго чиясул жиндие Аллагьас кьураб рикъзиялда разилъиялдалъун борцине кколеб жо. Гьеб рахъалъ, кьунщиналде щукруги, щванщиналъе рецци гьабула Аллагьасе. Ракъуца холел, гIорцIи лъаларел миллиардералги рукIуна, къаси кваназе жо бугони разияв чиги вукIуна. Гьединлъидал, бечелъи абураб жо гIумруялъул магIналъун гьабуларо дица.

— Дуда Гъуниб районалъул букIинесеб кинаблъун бихьулеб?

— Дунго бетIерлъун вугонийищ, цогидав вугонийищ? (велъулаго)

— Мунго вугониян тела…

— Дида Гъуниб бихьула умумузул лъикIабщинабги цIунун, тIаде цIиябги гIуцIун цебе тIолеб, хутIарал районаз мисал босулеб, экономикаги, производствоги, росдал магIишатги киналго сурсатал цолъун жибго жинцаго хьихьизе кIолеб районлъун. Дида Гъуниб бихьула цересел гIасрабазда гIадин Дагъистанги, улкаги, дунялги хIикмат гьабурал гьунарал: гIуцIарухъаби, гIалимзаби, шагIирзаби, рагъухъаби, спортсменал, культураялъул ва искусствоялъул хIаракатчагIи рахъизе ругеб бакIлъун. Дида тIадаб букIине буго гьединал гьунарал гIун бачIунеб гIелалъулъ рихьи, загьир гьари ва гьел церетIеялъе шартIал гIуцIи. «Генетика точная наука» ян абула цо-цояз, дун божула цересезда хадур жеги гьунар тIокIал гIадамал Гъуниб районалдаса рахъине рукIиналда.

Аслияб масъала буго гьел загьир гьари, гьезие кумек ва кверчIвай гьаби ва тIубанго район цебетIеялъе шартIал гIуцIи.

— Баркала гара-чIвариялъухъ.

Зульфия
Хlажиева

Вакъуца хвезе хlинкъичlев Колял хlакъалъулъ

Сиялда ругел дунялалъулго политиказул чуязда цадахъ Рамзан Къадировасул чу бекеризе биччалищ биччаларищали эргъелел руго американал. Северияб Кавказалда Рамзаница гlадамазул ихтиярал хвезарулел рукlиналъул гlайиб гьесул чодеги щолеб рагlула. Хважаинасухъа борчlараб хlалихьатаб пишаялъул жаваб кьезе чугицин тlамулел американазда лъаладай Москваялдаса Максим Шевченко вачlинчlого нилъер анир ихтиярал хвезарулел рукlиналъул бицине нилъехъаго бажарунгутlиги, кинал ратаниги рищиял тlоритlизе батlаго лъилниги гьаркьал къваригlунареллъиги, ункъо соналдасан президентлъун щив толевали халкъалда дуризабун букlинги, цогидабги?

Тlалъиялдаги халкъалдаги гьоркьоб лъугьараб кlкlал данде бачlинабизе Кавказалъулго гражданияб форум къваригlунин чlун вуго гьанив Шевченко. Гьелда релълъараб жогицин гуребдай нилъеца гъоркьисала Дагъистаналъулго халкъалги ахlун тlобитlараб? Лъагlел сверана гьелдаса, щиб гьелъ хисараб? Гьединго дораса-аниса чагlи рачlинегlанищ чlезе кколел нилъерго унтабазул бицине, ялъуни нилъеразухъго гlенеккуларогойищ? Нилъер гlузрабиги багьанадуй ккун, къватlиса чагlаз щибниги гьабулеб бати (масала, грантал тlалаб гьари) батlияб суал буго. Амма лъугьун бугеб ахlвал-хlал хисизабизе къасд гьечlолъи буго квеш ккараб жо.

Масала, гьаруна рищиялин цlар бугел жал. Гьезда разиял чагlи цохlо единоросал гурони ратиларо. Щивас жиде-жидер рукъзабахъги бицун лъугlизабула хабар. Гуреб батани, щайха рищиязул хlасилазда дагlба бан 6 декабралда Авартеатралда цере ракlарарал коммунистазда гъорлъегlаги рачlинчlел. Гьезул пикрияб рахъ кквезе тlамулеб мехги гуро гьеб.

Лъалев цо единорос вугоан гьенив. Битlараб бицани, нижер гьалмагъзабаз дагьалъ тlадагьавин таниги, гьеб къоялъ гlезегlан ракl рекъезе бачlана дир гьесда. «**Если меня сегодня единоросы повесят, то считайте меня коммунистом**», - абун гlагlаялда велъизеги велъун, анцlго соналъ гьезда гъорлъ вугев жинда гlемер рихьулел ругин чамгlалал жалин тlадежубана гьес. Дун цониги партиялъул рахъ кколей гlадан гуро, битlараб бицани, жалго хъулухъазде рорчlизе гlадамаз ургъараб чlандалъун бихьула дида гьеб. Амма берда бихьулаго гьабулеб мекълъиялда тlад рекъейги руцlцlунчlейги хlалихьалъи ккола.

Гьебго митингалда вукlана гьабсагlаталда Кlулзебалда чlарав Чlарадаса Аричги. Жакъа нилъер гlемерисезул хасияталъе чlванкъотlун къимат кьолеб цо мисал бицана гьес. Улкаялда ахlвалхlал цоцалъа бахъизе байбихьараб заманалда гlадатияб халкъги къватlибе бахъинабун митингал, акциял гьарулел рукlун руго Аричги гьесул гьалмагъзабиги. М. Хlажиевасул заводалда хlалтlулев цо Коля абулев чияс хlинкъадго гlадин гьикъун буго Аричида митингалде рахъунилан жанир тlамун яги цогидаб квекlен гьабиладайин жидее лъицаниги. Гьабуниги жиндие гьабилинха, жинцалъидалин нуж рагъаризарулел ругел абун махсара гьабун буго Аричицаги. Нахъисеб къоялъ заводалде щварав гьесда Коля хванилан бицун буго хlалтlухъабаз. Тохтурзабаз чlезабун буго гьев чи хlакъикъаталда вакъун хун вукlин. Хlасилул калам, вакъуца хвезе хlинкъичlев Коля, хlинкъун вуго жив хвеялъе гlайибиял чагlазда данде гьабулеб митингалде вахъине. Доб мехалда митингалде рахъарал гьалмагъзаби абуни, Аллагьасе рецц, жакъа кинги-щибги бетlербахъиги гьабун руго.

! вакъуца хвезе хlинкъичlев Коля, хlинкъун вуго жив хвеялъе гlайибиял чагlазда данде гьабулеб митингалде вахъине. Доб мехалда митингалде рахъарал гьалмагъзаби абуни, Аллагьасе рецц, жакъа кинги-щибги бетlербахъиги гьабун руго

Гьанже бакъан рекъеялъе тlадруссинин дов нилъерго Рамзанидегун американазде. Нилъеда киноялдасан гурони рихьуларел дунялалдаго цlар арал гlадамалги ахlун, жиндиргоги Грозный шагьаралъулги юбилеял кlодо гьаруна дагьалъ цере Рамзан Къадировас. Батанщинаб гонорарги щун цlакъ рази-ракиго тlадги руссанин абуна гьалбал. Амма кватlичlого Америкаялъул жамгlияталъ бахъинабуна кутакаб ахlи-хlур. Инсанасул ихтиярал хвезарулел рагlулила гьес, гьединав чисухъа гlарацги сайгъаталги росизе киндила нужеда кlвараб. Гьелдалъун жиндир шоу-бизнесалъе зарал ккеялда хlинкъунищ, яги яхl кlанцlунищали лъаларо, Хиллари Суонкица лъазабуна жинца инкар гьабулеб бугин гьел сайгъатаздасагун гlарцудаса, гьединго Грозныялде ине жиндие гlакълу кьурав кинавалиго агентги хlалтlудаса нахъе реханин жинца.

! Батанщинаб гонорарги щун цlакъ рази-ракиго тlадги руссанин абуна гьалбал. Амма кватlичlого Америкаялъул жамгlияталъ бахъинабуна кутакаб ахlи-хlур. Инсанасул ихтиярал хвезарулел рагlулила гьес, гьединав чисухъа гlарацги сайгъаталги росизе киндила нужеда кlвараб.

Гьеле нужее кlиго батlияб жамгlиятги, позициялги, къасдалги…

Рамазан
Ражабов

Рищиязул хlакъалъулъ…

Каждый народ имеет то правительство,
которое он заслуживает…
(Граф Жозеф де Местр)

Жуликlазулгун цlогьазул партиялъ бергьенлъи босулеб улкаялда гlемерисеб халкъ букlине ккола жуликlалгун цlогьал, ялъуни гьезда хадур рилълъунел. Дагъистаналда гьезие щун рагlула 91 процент. Гьал эпиграфалъе лъурал рагlабазул ритlухълъиялда кидаго щаклъизе бачlунаан, амма гьал ахирисел рищияз бихьизабуна гьеб пикру битlараб букlин.

Балагьараб мехалъ бихьулеб буго гьеб 91 процент халкъалъе гьечlо кинабгlаги ургъел щив вищулев вугев, щал кандидатал, кинаб бугеб гьезул программа абурал суалазул. Ракlчlун лъала гьедигlанасел избирателал рищияздеги ун гьечlолъи. Рищиял абураб цlар гурони гьаб гьатlан къоялъ букlараб гlалагъважаялъул щибниги рищиязулгун гlахьалаб жо букlинчlо.

Шагьаралда рищиязул участкаби рукlана чlорого. Гlадамаз бицунеб буго рищиязде иналъул кинабниги магlна гьечlин, гьенир нилъ гlахьаллъизе толарин, нилъер гьаракьалъ щибниги хисизе гьечlин. Цо рахъалъ, гьеб битlарабги буго. Нилъеда киданиги рагlичlел, лъиданиги лъаларел гlадамал ун ратула партиялъул сияхlалдаса Думаялде.

Чан дагъистаниясда рагlун ватилев Асанбуба Нюдюрбегов абурав чи. 2007 соналъ дагъистанияз «Единая Россия» партиялъе гьаркьал кьун вищизеги вищун, 4 соналъ депутатлъиги гьабун рагlула гьев чияс. Ялъуни Мухlамадкъади Хlасанов абурав чи рагlанищ нужеда? Гьесул хlакъалъулъги лъалеб жо гьев тахшагьаралъул мэрасул яцалъулищ, вацасулищ вас вугилан гурони лъалеб жо гьечlо. Я цониги Думаялда цере рахъун гьез гьабураб кlалъай, законал къабул гьариялъулъ бихьизабулеб кинабгlаги чlаголъи бихьанищ ялъуни рагlанищ нужеда?

Халкъалда гьикъулеб жо щибниги гьечlо ва тlалъиялъ жидее бокьахъе гьабулеб буго кинабго. Гьикъилищха нилъеда, партиязулгун гьезул бутlрузул халги гьабун, гьез бицунебги хlисабалде босун, ракlалъгун гlакълуялъ малъарабги гьабун гьаракь кьезе лъалареб мехалда? Гlадамал рищиязе унареб мехалъ тlалъиялъ гьелдаса пайдаги босун реххиларищха жуликlазул партиялъе бокьаралгlан бюллетенал. Гьелъул бицунеб буго киналго халкъиял информациялъулал алатаз. Улкаялда бищунго эркенаб информация кьолеб бакl – Радио «Эхо Москвы» рищиязул хlасилал гьарулеб къоялъ къазабун букlиналъ сундул бицунеб бугеб?

Халкъалъул пикруялъе ва ритlухъал рищиязе лъураб памятник

Халкъалъ тlалъиялда асар гьабизе ккани буго кlиго батlияб нух: цояб – революцияги гьабун тlалъи нахъе рехи, кlиабилеб – рищияздалъун, нилъее щварал ихтияраздаса пайдаги босун нилъее данде кколеб тlалъи бищи. Тlоцебесеб нух нилъее данде кколареб, биял тlолеб букlин хlисабалдеги босун, нилъ кlиабилеб нухдасан ине кколел руго. Амма кlолеб гьечlо тlубанго гьеб ихтияралдаса пайда босизе. Гьелъул магlна ккола ниж гlабдалзаби ккола, нижеда лъалеб гьечlо щиб къваригlун бугебали, нужецаго тlубазабе абураб. Гьединлъидалин дора ратулел руго нилъеда щалцин лъаларел, я гlакълуялдалъун, я гlелмуялдалъун, я бихьинчиялъиялдалъун кирниги рагlичlел, дунялалда рукlин гурони кинабгlаги халкъалъе пайда гурел «депутатал».

Гьеб киналъулго хlисаб гьабураб мехалда бичlчlула цо жо – нилъ жеги политикияб рахъалъ кlудиял гlун гьечlо гlакълуялда хадурги рилълъун нилъее данде кколеб партия ялъуни президент вищизе.

ГъазимухIамад
ГъалбацIов

Динги, идеологияги, гIелмияб институтги

ССРалъул заманалда хIукуматалъ культураялде гIемераб гIарац биччалаан. ЦохIо культураялъеян биччалароан гьеб, биччалаан идеологиялъе. «Идеология» ян абураб рагIи магIарул мацIалде буссинабизе кIвечIого гьеб бичIчIизабизе кколеб буго гьадинан: хIукуматалъго цебе лъураб масъала букIана вацIцIадав, аскIов вугесул тIалаб гьабулев, живго кутакавин кколарев, жиндиргоялдаса гIаммаб пикру цебе гьабулев, жамагIаталъул жоялда хъваларев, кинаб бугониги цIогь чорхолъ гьечIев, ритIухъав, бадибе рагIи абулев вацIцIадав чи гIезавизе.

Гьединан кьолаан тарбия. Жегиги нахъегицин хутIун буго халкъалда гьоркьоб СССРалъул заманалда бижараб аби – вацIцIадав коммунист. «ВацIцIадав коммунист» илан абураб рагIул магIна хадуб хисана, гьеб рагIул магIна сверана «вакъарав коммунисталде». «ВацIцIадав коммунист» илан абизе байбихьана жидеего цIогьодизе щварал, нилъеца тIадехун рехсаралщинал коммунистазулъ букIине кколебщинаб гIамал–хасият чорхолъ гьечIел гIадамаз.

ВацIцIадавлъунги, ритIухъавлъунги, жиндиргоялдаса умматалъул цебе гьабулевлъунги, адаб–хъатир бугевлъунги, жамагIаталъул хIукмуялда хадув вилъулъуневлъунги, цIогьодуларевлъунги, гьереси бицунаревлъунги, лъаялда хадув лъугьаравлъунги, хъантIи чорхолъ гьечIевлъунги, ритIухъавлъунги вукIине малъула нилъер гьаб ракьалде рещтIанщинал диназ. Амма коммунистазде ракIалде ккана гьел киналниги диназ малъухъе гIумру гьабизе гIадамал тIамизе, гьел диназдаса росарал пикраби гIумруялде рахъинаризе. РакIалде ккана коммунисталин цIарги лъун рацIцIадалги, лъикIалги, ритIухъалги, хъантIи чорхолъ гьечIелги, цониги чIегIераб тIанкI рекIелъ гьечIелги гIадамаздасан хасаб общество гIуцIизе. Гьединаб общество гIуцIизе ккани хIажалъулел ратана гьединал рацIцIадалги, лъикIалги, ритIухъалги гIадамал. Байбихьана гьел гIезаризе, гьединал гIадамал лъугьине гIоло тарбия кьезе. ЦохIо школалда гуребги тIубараб пачалихъалъего гьединаб тарбия кьезе. Щибаб хъизаналда жаниб чIезабуна газеталги, журналалги, тIахьалги, гьале цIалейин гьанир ругел гIадамал гIадин рукIайин нуж, ай коммунистал гIадин. Щибаб колода хIалтIизабуна радио, гьалъухъги гIенеккейин гьанисан бицунин нужеда рацIцIадалги, лъикIалги гIадамазул хIакъалъулъ, гьезда релъун гьабейин гIумру, ай коммунистаз гIадин. Щибаб колхозалъул гIияда ругел гIухьбухъе, авлахъалде ритIана артистал автобусал цIун гьезие рацIцIадалги, лъикIалги гIадамазул хIакъалъулъ кучIдул ахIизе, ай коммунистазул хIакъалъулъ кучIдул ахIизе. Щибаб шагьаралъул къватIазда чIахIи–чIахIиял суратал чIвана заводазданиги фабрикабазданиги хIалтIулел гIадатиял хIалтIухъабазул, гьаздасан миссал босейин гьал хIалтIулел гIадамал ругин, рацIцIадал лъикIал гIадамал ругин, ай коммунистал ругилан. Гьоркьор чIван, сордо борчIун кулубазде рачIун политикаялъул бицунел чагIиги рукIана, цIороберал гарал, гIемерал кагьталги кодор ккун, гьезги абулеб букIана цIогьодугейин, хъантIугейин, ай коммунистал гIадин рукIайилан. Гьебгощинаб хIалтIи гьабизе хIукуматалъ бихьизабураб гIарац букIана хъвадарухъабазеги, журналистазеги, художниказеги, артистазеги, гьадал цо гIемерал кагьтал кодор ккурал гIадамазеги. Амма гьезухъе гIарацIги босун цониги хIукуматалъул чи вачIунароан, художниказеги, артистазеги, журналистазеги, хъвадарухъабазеги гIарац кьезе гIоло гIуцIун букIана культураялъул министерство. Жегиги буго гьеб.

Гьеб гуребги буго нилъер республикаялда цойгиги цо институтги. «МацIалъул, литературяялъул ва искусствоялъул» институтилан абула гьелда. Гьеб буго гIелмияб институт. Культураялъул министерствоялъ хIукуматалъ кьураб гIарац гьел журналистаздаги, хъвадарухъабаздаги, артистаздаги, художниказдаги гьоркьоб бикьиги, жидеего теги гурони, батIияб хIалтIи гьабулеб батичIони, гьеб мацIалъулги литературяялъулги искусствоялъулги институт къан бетIерги ккун ургъизе ккола мацIалда щиб гьабилеб, литература кибе унеб бугеб ва искусствоялда гьабилеб дарман – илан абурал суалазда тIад.

ХIакъикъаталдаги гьадинан гьабизе кколилан малъизе коммунисталги гьечIони, вацIцIадавги, лъикIавги, ритIухъавги чи гIезавизе кколилан пачалихъалъ цебе лъураб масъалаги гьечIони, гьеб гIелмияб институталъ щиб гьабилеб? Сунда тIад гьел хIалтIизе кколел ва кинаб хайир нилъер миллаталъе, нилъер гуреб республикаялда ругел батIиял миллатазеги бугеб гьеб институталдасан?

МахIач ДахIадаевас рачун республикаялде коммунистал рачIиналдегоги рукIана нилъер ракьалда поэталги, кIочIохъабиги, кигIан диналъ гьукъараб бугониги художникалги, палугьабиги. Дида лъаларо культураялъул министерство гьечIого кин гьез кечI ахIулеб букIарабали, амма ахIулеб букIун буго, нахъе хутIараб бицаде рекъон. АхIулеб букIун буго бахIарчиялъиялъул (чабхъадул кучIдул), яхI–намусалъул (эбелалъул ракI), къо хIехьезе ккеялъул (Камалил Баширил эмен), хъантIизе бегьунгутIиялъул (Кьурулъ хутIарав гIали), рокьул ва гь.ц. Гьеб умумузул букIараб идеологиялдеги, гIолохъабазе кьолеб букIараб тарбиялдегийиш тIадруссине кколел, яги батIияб идеологияги босун цойгиги кинал ругониги «низмал» рачIинегIанищ чIезе кколел? Коммунистаз малъулеб букIаралдаги, гьел рачIинегIан умумуз малъулеб букIаралдаги щиб гьоркьоб батIалъи бугеб? Европаялдаса бачIунеб бугеб литературяялдасаги, искусствоялдасаги инкарги гьабун гIарабазул ракьалдасан бачIунеб литератураги искусствогийищ босизе кколеб? Африкаялда вугевщинав бусурманчи Европаялде гочунел ругеб мехалда нилъищ Африкаялде гочине кколел? Дир пикруялда, мацIалъулги, литературяялъулги ва искусствоялъулги институталъ гьединал суалал цере лъезе ккола. Лъаларо, чи хадуб гъолеб дунял гуреблъидал, мекъи ватизеги бегьула.

Мекъийищ вугев, битIунищ вугевали лъазеги, магIарулаз нагагьлъун гьединал суалал жидедаго цере лъолел ратаниян, телестудиялде гьоболлъухъ ахIун вуго нилъеца рехсараб институталъул директор МухIамадов МухIамад Ибрагьимович.



Дир инсул вукIана даран-базаралъе жоги босун, санайил вачIунев цо гьобол. Амма санайилго гьесда цадахъ цIи-цIияй чIужуги ячIунаан. Гьединлъидал дица гьесда гьикъана:

— Я вац, Камал, чангIаги дур гьай чIужу йигей?

— АнцIила цо йиччанги тун, гьай анцIила кIиабизе ячарай йиго.

— Ал руччабазулъ щиб балагьулевгIаги мун вугев, риччан, рачун алгун?

— ЛъикIаб гIамал-тIабигIат бугей ялагьулев вуго.

— Ятарайищха?

— Гьалъулъ буго, — ян абуна гьес чIужуялдехунги вуссун.. — Дой йиччан тарай анцIила цоабилелъулги тIаде жиндирго гIамалги.

* * *

Армиялдаса вас чIужуги ячун вачIуна. Гьелъулгун лъай-хъвайги гьабун гьикъабакъарун лъугIигун васас инсуда гьикъула:

— Эмен, дур ракI рекъанищ чIужуялда?

Гьелъул гьурмал ва чорхол берцинлъи гьечIолъиги васасда битIахъе абизеги кIвечIого, инсуца жаваб кьуна:

— Гьайни квешай ятиларо, амма шагьаралде жанивегIан лъугьинчIого рагIалда ятарай ячун йигоха, дир вас, дуца.

* * *

— ГIиса, — ян абунила Сурхайица. — Дуда лъалищ гьагъав СалихIил ясалъ гъоркьан-тIасан ункъо гурде ретIунеб рагIула.

— Ункъунусго ретIаниги щиб, гурдазда гъоркь щиб бугебали нилъеда лъалелъул.

* * *

Мадугьаласул цIи рарал рукъзал рихьизе щварав ГIисае цIакъ рекIее гIунила ункъо нуцIаги жанибе лъураб рукъ.

— ВахI, вахI, — ян абунила гьес, гьаб рукъни хасало цIакъ хинаб букIина.

— Гьаб щай батIаго хинаб букIунеб?

— Дир цо рукъ буго, цо нуцIаги буго, - ян жаваб кьуна ГIисаца, — хасало гьеб нуцIа къараб мехалъ рукъ лъикIго хинлъула, ункъо нуцIа къараб мехалъ цIакъго хинлъиларищха?

* * *

Базаралда чахъу бичулев ГIисада цIеханила:

— Гьалъул багьа щиб?

— КIинусго гъурущ.

— Нусгоялде кьеларищ?

— Бащдаб лъие дица бичилеб?

* * *

— Хехго росгIаги щолевани, – ян абунила ХIалиматица, матIуялда цее яхъунги чIун, — чIалгIун буго дида гьаб къойилго къачIади.

Сугъулдерил арифметика

Цо къоялъ кIиго мохIосевги сугъралъевги рахъун руго чанаре. ЧIван буго лъабго ордек. Амма бикьа- къотIиялде иш ккедал, цойиде рачIине "кIун" гьечIо. МохIосезул гIадатияб рикьиялда сугъралъес иман лъун гьечIо.

— КIиго нуж мохIосевги ордекги ращад ккана, — ян абун буго "сихIирлъиялъул тIанкI чорхолъ гьечIев" сугъралъес, кIиго ордекги цо дунги ращад ккана.

Щваниги таниги щибилебха...

Цо боркьараб рагъда окопалда жанив дове кIанцIун, гьанив кIанцIун свакан тату хварав ва ццим бахъарав гIандисес абун буго:

— Огь, дур бетIергьан хваясул сахаватго кьвагьулеб жо. Гьеб хIалалда базе ккани, щваниги таниги щиб гьабилеб?

◆ МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

АхIмад Къадировасде миллатчагIазул гьужум

Декабралъул ункъабилелда тIубураб улка Россиялъул парламенталде машгъуллъун букIаго Москваялъул Югалъулаб Бутовалда лъураб Чачан республикаялъул цеве вукIарав президент, улкаялъул БахIарчи АхIмадхIажи Къадировасул памятник хIакъир гьабуна улкаялъул тахшагьаралда. Халкъияб информациялъул алатаз кьурал баяназда рекъон, памятник хIакъир гьабун буго гьелда болъонил бутIрул речIчIиялдалъун.

АхIмадхIажи Къадиров

Сайгидпаша ГIумаханов

Лъалеб букIахъе, болъон буго исламалда нажасаб ва чорокаблъун рикIкIунеб рухI- чIаголъи. Гьеб инжитаб ишалде квер борхарал чагIазул пикруялда рекъон, гьеб буго Исламалде ва Чачаназул рухIияв цевехъанасде жидерго бугеб пикру загьир гьабиялъул гIаламатлъун.

Ахираб заманалда Россиялда къо бахъанагIан гIемерлъулел руго Кавказалде рокьукълъи ва тушманлъи цIикIкIинабиялъулги миллатчилъиялъулги гIаламатал. Гьел загьир гьаруна рикIкIен гIемерал миллатчагIазул митингаздалъун, «ГIела, Кавказ хьихьулеб!» абурал гIадал хитIабазулъ. Ахирисеб инжитаб лъугьа – бахъиназда тIаса ва Россиялъулгун Кавказалъул гьоркьорлъабазул рахъалъ «Дагъистантаймс» агентствоялъул сайталда бачIана Хасавюрт шагьаралъул бетIер Сайгидпаша ГIумахановас ва шагьаралъул Собраниялъ Россиялъул президентасухъе битIараб официалияб хитIаб. Гьеб хитIабалда ва Россиялъулгун Кавказалъул гьоркьорлъабазда тIаса «Миллаталъе» жавабал кьолел руго Сайгидпаша ГIумахановас.

— Сайгидпаша, дур пикруялда, А.Къадировасул памятник хIакъир гьабиялда нахъа политикиял къуваталищ ругел, яги цо чанго ахIмакъав миллатчиясул ишищ гьеб?

— АхIмакъал миллатчагIи жакъа Россиялъул политикаялда гъорлъги руго. ЦIар нужеца гьезда бокьараб лъе, гьел руго, тIоцебесеб иргаялда, Исламалъулги Кавказалъулги тушбаби. Гьединал ишал такрарлъанагIан квешлъизеги руго гьоркьорлъаби, официалияб политикиял къуватал гъозда нахъа ругин абизе кIоларо, амма къватI–къватIазде рахъун Кавказ батIа гьабизеги, Россия биххизеги кколин ахIтIолел гIабдалзаби нилъеда рихьулел ругелъул, гьезие Россиялъул власталъ ахир лъечIони Россиялъего хIинкъи цIикIкIарал чагIи руго гьел.

— Дур хIисабалда, гьеб ишалъ Кавказалъул Россиялде бербалагьи хисизе бугищ гьеб галиялъ, дозул нилъедехун бугебни бихьулеб буго.

— Дир хIисабалда, квешлъизе кколаро, гьеб официалияб Москваялъул иш гурелъул. Улкаялда кколелъул хIисаб гьабулел гIакъилал гIадамазда бичIчIизе ккола гьел чагIи тIубараб Россиялъулго тушбаби рукIин ва бищунго цIикIкIараб хIинкъи улка бихиялъе жакъа миллатчилъиялъул букIин.

Кавказалда ругездаги бичIчIула цохIо жидее гуреб зарал гьез тIубараб Россиялъе гьабулеблъи.

— Официалияб Чачан республикаялъул ва Дагъистаналъул тIалъиялъул хитIабалдаса цебе дур ва Хасавюрталъул хитIаб бачIана, гьеб кин бичIчIилеб?

— Хасавюрталъулгунги диргунги АхIмадхIажи Къадировасул букIараб гьоркьоблъи киназдаго лъала. Гьев вукIана Чачан республикаялъе рекъелгун парахалъиги кьурав, Россия биххиялдасаги цIунарав хIакъикъияв патриот ва бахIарчи. Хасавюрт щай абуни, 1999 абилеб соналъ Чачаналдаса Дагъистаналде хъачагъал кIанцIарабго цохIо АхIмадхIажи Къадировасул гIуна бихьинчилъи нилъехъеги вачIун гьел чагIи чачаназул халкъ гурин абизеги, дагъистаниязда тIаса лъугьаян гьаризеги.

Гьеб хитIабги буго гьесулгун букIараб гьоркьоблъиялъул гIаламатлъун.

росстаталъул цIех-рех

ГЪОРКЬА ТIАДЕ – ТIОЦЕБЕСЕБ БАКI ДАГЪИСТАНАЛЪЕ

Росстаталъ цIех – рех гьабуна тIолго улкаялъул субъектазул социалиябгун экономикияб ахIвал-хIалалъул. КIвар буссинабуна Россиялъул субъектазда гьоркьохъеб харжиде. ГIаммаб къагIидаялъ босун, Россиялда гьоркьохъеб харж бахъуна 24 азарго гъурущалдаса тIаде. Ямало – Ненецкий округалда 58 азарго ва Чукоткаялда гьелъул къадар бахуна 51 азаргоялде.

Москваялда ва Ханты – Мансийскиялда моцIрое щола (гьоркьохъеб къадар босун) 40 азарго гъурущ.

Югалъулаб Федералияб Округалда руго Россиялда бищунго гIодорегIанал харжал. Гьезда гьоркьобги гъоркьа тIаде тIоцебесеб бакI босулеб буго Дагъистаналъ 10 азаргоялда тIаде чанго гъурущ бугеб харжгун.

◆ М. АХIМАДОВ

Бакълъухъе кагъат

Дир гьудул МухIамадрасулие

Щиб дида рагIараб, щиб дида лъараб?
Лъарлъун лълъаранибе чваххана чагъир.
Гъираялда дица къабул гьабуна,
Къоял чIвазе тIолеб чоргъол гъалмагъир.

Гьир бакIлъулеб буго дир пикрабазул,
Зулмуяб заманалъ зар буго букъун.
Рекъон гьечIо жакъа гьекъон вукIине,
Гьукъараб бокьараб кьураб щай дир ракI?

МатIуялда цеве эхетун вуго:
Иххал хаселазде сверун рихьула.
Сверун ккун вуго дун квешал гьаркьаца,
Гьаб ракьалъе кьолел кьогIаб гIазабалъ.

ГIазу балеб буго дир пикрабалъе,
Балъголъидул болъо бахунеб мехалъ.
Вахунев вуго дун дирго мугIрузде,
МагIарулал ругел борхалъиялде.

РагIула Бакълъухъе ахIулеб гьаракь,
Гьардарав БетIергьан, цIуне гьеб росу.
Гьениса гьудулас бачIараб кагъат,
Ругънада чIортолъун чIван буго дица:

«Гьаниса Гьоноде чапар витIани,
Чугун, рогьалида нахъ вуссинадай?
Унтарав гьудулас ахIи банани,
АхIмадил МухIамад рокъов вугодай?»

Щиб дида рагIараб? Щиб дида лъараб?
Лълъаранибе ине биччачIо пикру.
РухIалъул хьухьелалъ хъахIил зобазда,
ХъахIал накIкIал тана керен бухIарал.

Вахъа сапаралде МухIамадрасул,
Росулъа босе дий яхIалъул гIанса.
ГIанси тIаде тIурал тIолго ургъелал,
Гъугъазе гьаризе кочIол мухъазулъ.

КочIол зинаялъул шагIир гуро дун,
ШаргIалъул шигIрулъун лъугьана гIумру.
Даимлъиялъул цIва, даимаб зодихъ,
Дихъ балагьун гьанже нечезе гьечIо.

Чапар витIиларо дица Бакълъухъе,
Бакъуда къвал базе дунго вачIина.
Дуниялги кIочон, КIудиясул хоб,
Зоб гIадин каранде бачина дица.

«ЦIечIел цIурахинкIал» гIемераб дунял,
ГIемеразда гуро бичIчIараб, лъараб.
Бакълъухъ бакъ букъараб ГохIдеги вахун,
«ГурхIа БетIергьанин»,- гьабила гьари.

Цинги Сулейманил МухIамадихъе,
ЯхI борцунеб роцен босизе щвела.
Щвараб гIор гIадинав магIаруласухъ,
МагIу тIурал мугIрул тIаде къулила.

БахIарчи холаро тушбабаз чIванин,
Тушбаби гьев чIвараб къоялъго холла.
Хвел гьечIолъиядлъул цIияб цIва тана,
ЦIар борхатав васас Дагъистаналда.

«Бице аваразул ахирав шагIир,
Щиб хIал дур бугебин?», - гьимулаан дов.
Гьими досул гIадаб дида бихьичIо,
Бихьинал дов гIадал гIемер рижичIо.

Дир расги лъикIаб хIал гьечIо, МухIамад,
ХIалихьалъиялъул цIуна Дагъистан.
Амма, мун гIадинал вассал гьарураб,
Гьеб кидаго чIаго букIине буго.

Дун вачIине вуго ЖабрагIилихъе,
Жаниб жа букIараб бокалги бекун.
БеканагIан кантIи лъалареб бетIер,
БетIергьанасухъе кин босилебин.

Нилъер гьудуллъидул хIухьел гIадинав,
ХIамзаев, зобазухъ валагьун чIчIела.
Гьунаралъул чIчIваби звангъезе гьарун,
Зобалазул чIумал кIочIолъги рахчун.

Гьудуллъидул рокъов ункъавго гьудул,
Ункъабго бокIнида гIодор кIусила.
Ункъабго рахъалда чирахъ бакила,
Ункъго ицц гIадинан, цадахъ кунчIила.

Чапар витIиларо дица Бакълъухъе,
Бакъуда къвал базе дунго вачIина.
Бакълъухъ, бакъ букъараб ГохIдеги вахун,
«ГурхIа Бетергьанин»,- бетIер къулила.

1999 сон.

№27 (27) 9 декабрь 2011 сон
СИЯСАТ ВА РИСАЛАТ
МИЛЛАТ МагIарулазул газета

данде гаргади

Халкъиялги халкъиял гурелги поэтазул къец

Вагlалайкум салам «Миллаталъул» *ясал* ва *васал*!

Бихьулищ дица ясал васаздаса цере лъун рукlин? Гьелъие бицун хlалкlоларебгlан кlудияб гlилла буго. Дун вуго гlасиго цlакъ куц - мухъ гьечlев чи. Гьединлъидал гlолохъанаб механлъго рихарав вукlана дун ясазе. Гьезие рихаравгlан хиралъулелгиха дие гьел рукlарал. Хъизаналъцин гьанже - гьанжеги абула: «Огь, дур коцокъ-лъи!» - ян. «Гьедин батани щайха мун дие ячlарайгlаги, йо, хlурулгlин", - ан кlалъала дунги. «Дур гьеб коцокълъиялъухъ рокьи ккунха!» - ян гъванкан жаваб кьола гьелъ. Гьелдаса хадуб хиралъичlого лъиеха рукlинел ясал?! Гьеб цо. Кlиабилеб – «редакциялъул рахъалъ» дихъе хъвараб кагътида васал цере, ясал хадур рехсеялдаса дида чlвалеб буго цо «санагlат гьечlеб» махl. Цощинаб, некlого басралъарал, бецlал гlадатал цlигьаризегlаги лъугьун ругодай нуж?..

Гьанже рилъльинин доб черхбихьиялде (теловидениялде). Черх, хlакъикъаталда, бихьулеб букlана цохlо Гъалбацl Гъазимухlамадовасул. Гьесул сабураб кlодолъиялъул рагlдукь хутlун рукlана нуж, «миллаталъулал». Гьесул суалазги гьалбадериде сан-ман гьечlолъиялъги гьадабго хунзахъмухъалъул чи ватилин тана дица гьев. Кlиго ясалъул гьоркьо-гьоркьор рихьулел ва гьенирго хьван унел къачlакlатlарал гъалалги (прическабиги) чlана рекlелъ.

Битlараб буго, кlудаэбелазулги кlудаэбел Хlава тlад кlазги чlван гуро гурищ хьвадулей йикlарай. «**Миллаталъул**» гордоги къирун къватlире раккулеб механлъ ворегиха, ясал, нужеца нужорго гъалазда тlад гьел кlазалин абулел учузал жал тезе гурин. Гьеб ккола дой горянка Асяда (Асиятида) живго Расул Хlамзатовасги тlад къан тараб караматаб жо.

Хlавал ратlлилъ нуж хьваданиги хьвадичlониги нужор жаваб кьола инсуца,

вацас ва росас (**редакторас кьоларо. - ред.**). Риччанте гьел киналго чlухlун рукlине ножодаса!

Гьанже дир ирга щвана ножор бищунго кlудияв редактор **Бисавгlалиевасде**. **Мухlамад**, гlадамасул гlадалнах ккола лъамаяб жо. Рагlабазда кlола гьеб бокьараб рахъалдехун чвахизабизе. Гьеле гьебго жо лъугьунеб буго дир гlадалъги, дур гьал казияталдаги рахъун дихъе рачlунел кагъталцlалун хадуб. Пикру гьабеха, макьилъцин вихьана дунго шагlирлъун вахъун. Вохунги вукlарав куцха! Вохиларищха, берцинал ясаз сверун ккурав дида гьарулеб букlана цогlаги кечl цlале жодоеян. Цlалиларо цо хlарпгиян абулеб букlана дица гьезда. Цlалила дирго цо гурони гьечlей лъадиялъе. Гьелда лъалеб букlун буго кида-къадги дун шагlирлъун вахъине вукlин. Дун шагlир, гьей шайих – гьелеха хъизам!

«**Бихьулеб буго гьав чи (дунха) хlакъикъияв гьунар Аллагьас кьурав шагlир вукlин»** – ан хъвалеб буго дуца. Хъвазегиха казияталда буго дуца гьедин хъвалеб. Кигlан лъикlха ккараб ножохъе битlараб тlоцебесеб шигlруялда гъоркь дирго цlар дагьаб кьуризабун лъураб букlин. Гуребани кигlан кутакаб релъи - хъуйдай бахъинабилаан гьелъ вижараб росолъ? Шагьаралде арав дун шагlирасул хъулухъалде лъугьун рагlулин гъоваян бицунел рукlинаан лъора…

«**Кинго бичlчlуларо щай гьев (дунха) загьирлъичlого хутlаравали, щибизе гьев поэтаздаса лъутулев живго поэтан ккечlого букlине?»** - ян кьолеб дур суалалъе жаваб щвелилан ккола дида **Гlумар Хаямил** хадусеб ункъго мухъ казияталдаги лъун авар мацlалде таржама гьабиялъул къецал (конкурс) лъазаруни. Гьел къецазде ахlизе ккела хасго халкъиялан абун хlукуматалъул тlокlцlарал щварал шагlирал.

* * *

Вращаясь, свод небесный
нас давит и гнетет,
Пустеет мир, и многих
друзей недостает.
Чтоб вырвать хоть
мгновенье у рока для себя,
Забудь о том, что было,
и не гляди вперед.

Ножоде саламгун довго
ГIАЛИХIМАДИЛАЗУЛ
ГIАБДУЛЛАГЬ

ХАДУРАГIИ:

Валлагь бегьана ГIалихIмадилазулас, дур кlиго кочlол мухъаз асир гьарурал аваразул мусудузда цеве битlахъе Цlадаса Хlамзатил Яхlя гlадав «чилайдул михъазул расалги кlурарав, ясазул рухl унеб махl гьуинаб лъимги тlаде пунхъарав…» беральчалух цеве тlамулев вукlун вуго. Дуца хlурулгlинзабазул хьулал хьухьикье инаруна лъабкъойилъаги арав «коцокъ» вугин кагъатги нижехъе битlун. Гьениб тlадегlанав Аллагьасул цо хlалкlолъиги загьирлъулеб буго. Къанагlатаб гьунаралъул шагlир «коцокълъиялдалъун» хутlараб цlуагьлуялъухъаги вахъун, гьей дур цlадухъ квалквадулей «шайихалъе» сайгъат гьавиялъулъ буго бетlергьанасул ритlухълъи. Гьанже рачlина дуца тlадехун рехсараб «теловидениялде». Руччабазул ретlа – къаялда хурхун, дур рагlабалъ гlакса- магlнаялъул мухъал халлъаниги, хlинкъи буго гьезда гьел битlахъе ричlчlиялда. Дудаса цере рукlарал шагlирзабаца рачана гьалдеян абуниги мекъса букlинаро. Гlандиса Патlил чохтlоялде Хlамзат тlаделъун, канлъи – лъаялде Ася ахlун Хlамзатов вахъун бижараб форма буго жакъа нилъер мусудузда бугебги. Дуца бачараб Хlава эбелалъул мисал цlалигун дун рии бачlиналдаса хlинкъана, цощинаб битlахъе бичlчlиладай гьаздаян, жакъа руччабазда ретlел ретlиналъе квербакъулеб жо цохlо хаселги, квачги гурони хутlун бихьуларо. Дуца абулев Гъалбацlги телеэкраналъ дагьавго кьурун вихьизавураб къагlида, битlахъе малаик гlадав чи. Бакl гъосул Хунзахъ бугониги ракl - валиясул, нечон чанги суал кьечlогоги тана гьес. Гlадамаздаса живго гlодовегlан гьави гурони гlунгутlи гьечlев чи вуго гьевги. Дол дуда макьилъ рихьарал ясаздаги нижер салам бице, цохlо кучlдуздалъун ратlалъанин абиялъулъги мун дагьавго сихlирлъулев вугин ккола. «Макьилъниги къвал базе щоларелги ругелъул, щиб гьабилеб щваралда щукруги гьабун вукlа» - ян хъван букlана мичман Дациевас цо кочlолъ.

Гьанже рачlина дуде ва Хаямиде. «Миллат» газеталъ лъазабулеб буго гьеб конкурс Хаямил мухъазул таржама гьабиялъе. Бергьарасе кьолеб буго анцlазарго гъурущ сайигъатги. Кучlдул къабул гьаризе руго 10 январалде щвезегlан. Дур таржама лъикlаб буго, мун дудаго макьилъ гурони шагlирлъун цеветlамунгутlиялъул асаралъ ва жибго шигlруялде бугеб жавабчилъиялъ.Гьеб буго цохlо «Миллаталъул» дурго рахъалъ бугеб пикру. Цlакъго мун пахрулъун лъугьунгутlизе гlиллабиги раккана. Масала, Дагъистаналъул халкъияв поэт Гlабдула Дагановасда дур хъвай–хъвагlай загlипаблъун бихьулеб буго. Гьеб халкъияв поэтасул пикруйищ, тlубанго халкъалъул пикруйищали нижеда лъаларо жеги. Лъалареб жоялда лъаларин абулеб гlадат буго «Миллаталъул». Амма дуца къецалде ахlулеб къавмалъул гlемерисезда ккезе буго жидедагун Хаямида гьоркьоб батlалъиго гьечlин ва таржамаялъе кьураб къанагlатаб ва къиматаб заман жидерго «хвел гьечlел» асаразе сайигъат гьабилин.

Адабгун «Миллат» газеталъул редактор

дагlба-къец

ХIУРМАТИЯВ БИСАВГIАЛИЕВ!

Дица гьал куплетал «Бахьикъосалъе» кьелаан рукlарал гьелъул удаманас сунат гьабичlого толеблъи лъалебани. Гьебги гьединго бахъизе таваккал гlейги щакаб бугелъул гьарула магlарулазда рагlизе, дица хъвараб цlаралда гъоркь ва гьадинаб къагlидалда «Миллаталда» рахъеян. Дун гlолохъанчиги гурелъул, киназего баян гьабиялъул мурад гьечlо гьаб «рокьул бахlс», мурад бугезда бичlчlичlогоги букlинаро.

Саламгун, дур гьунаралъул гьалмагъ.

ДЕНЬ ПОБЕДЫ - 11.11.11 - НЕ ЗАБУДУ

Этот день победы порохом не пропах,
А в Верховном суде прошел в делах

Судилан диванилан дагlбаялда тlамураб,
Исана хасалихълъи халатабилан ккана…
Лъабго гъурщил багьаяб, лъабго моцlалъ цlацlараб
Делоялда хурхараб хабар цlакъ халалъана.

Роол ахирисеб моцl холеб заман букlана,
Ракlалдаго «гьечlого», диргун питна бекьана.
Гьелъие кумекалъе коллективги батана,
Багьана хlужалъун ккун хlалтlудаса рехана.

Хабар къокъ гьабиялъе гьаниб абуни гlела,-
Гlарза судалде хъвазе хlажатаблъун батана,
Буюрухъ кьучlаб гьечlин чlчlезабизе анкьцlулго,
Пидаральный судалда данделъи тlобитlана.

Ахирисеб хlукмудай рекъон ккараб къо цlана,
Цlараб гlужалъ дандиял диваналде ахlана…
Дос жиндир бакlалъ вакил ккурав витlун вачlана,
Битlараб бицанани, гьев кьучl гьечlев ватана…

Бачlинахъе гьерсазда кьан базеян лъугьана,
Гьелъул жо кколареб лъан, лъабго къо тlаде цlана,
Хадусезде дагьалги васвасал «документал»,
Делоялъе ралагьун, жинцаго къватlив чlвана.

Рачlанщинал «хlужаби» хlажат гьечlел ратана,
Батанщинаб гlайиб – гъвел гъаримасде буссана.
Судалъ хlукму битlахъе гlощтlоцагlан къотlана,
Гlилла гьечlеб буюрухъ бахъеян лъазабуна…

Гьелда гlей гьабичlого «гьалмагъзай» гьонцlодана,
Гьадин тlубаларилан Тlадегlаналде хъвана…
Тlубараб моцl гьенибги гьаниб – добе цlан ана,
Ахирги къо –моцl хъвараб хъахlаб тlамач бачlана.

Тlад ругел тарихазул цогояб кьер бихьидал
Бихьилинха хlалилан хlацlу хъатинибе туна…
Тарихияб къоялъ дун къезего бегьуларин
Къан бухьараб рачлихъе риччун кверал ги чlвана…

Чlезе ккана анкьаца, элъийги сабру кьуна.
Азул саламат хьитал гьенире хьвадун хвана.
Дица «салам» битlана судазул къираласде,
Унгояб хlинкъи бугин хlалихьалъи борчlизе…

Кумекалъе батулеб тадбирлъун гьебги чlана,
Чlахъаги ритlухълъиян ракlги парахалъана.
Хабар халат гьабизе хlажалъиги лъугlана,
Бихьизабураб къо – моцl моцlидаса бачlана…

Рачlун гlарзачагlазги гьезул кумекчагlазги
Клубгlан кlудияб зал, занкlун судалда цlуна.
Цlураб къохьол портфельгун, азулавги ваккана,
Салам – калам гьечlого, гьавугьин нахъе ана…

Щибдай асий кканаян пикраби угьардана,
Иргадулаб багьана батулеблъи бичlчlана.
Вихьун гlамал лъалев чи хlехьезе бигьалъула,
Хlухь тун, ккараб ккелилан, гlодове виччан чlана…

Бакъулаб къо букlана, къалъул заманги щвана,
Щоларо делабазул диралде кинго ирга…
Унтарав дир черхалъул ургьел азий щибхаян
Щварабшинабги бицун, ццидахунев хутlана.

Хадув, щибдай киндаян нахъехун валагьидал
Хъахlаб «чухъа» ретlарай чапар ячlун йихьана.
Чанцlулго кверал рорхун ихтияр тlалаб гьабун
Тlадегlанаб судалде тlамачги бегьун ана…

Элъул магlна лъалелде, лъай – гlакълуялъ абуна,
Ине бегьилин гьанже бергьенлъигун нахъеян…
Хъахlаб чухъадул магlна байрахъулалъул бугин,
Дандияс гьей йитlиги батlияб гlилла гурин…

Хъахlаб байрахъ борхидал,
хутlаралъул бицун щай?
Биценалъе гlураб жо жеги хадубги бугин…
Халалъунги бугелъул. Чlамучlги гьабиларилан,
Гьабулеб буго хlукму гьалда точка лъун къазе.

ГI. ЮСУПОВ,
Махlачхъала

ХАДУРАГIИ:

Пуланаб газеталъул пуланав редакторасулгун пуланав мухбирасул дандеккунгутlиялда тlаса Дагъистаналъул Тlадегlанаб Диваналда лъугьа – бахъаралда тlаса репортаж гlадаб жо. Гlажаибаб хlалтlи чан гъоркьпалугьаби ва нугlзал редакторас терезарунигн Тlадегlанаб Диваналъ ритlухълъиялъул нухда мухбир цеве ккун вуго. Диван лъугlарабго квартlаги кьабун рагlула. Жакъаги диваналда къураб рахъалъул гlинзуниб гьеб квартlил гьаракь сасинчlеб гlадаб ахlвал – хlал бугин абулеб буго гьезулгун бухьен бугел пуланал мухбирзабаз. Васалам.

РЕДАКТОР

◆ ГIабдула ДАГАНОВ

«МИЛЛАТ» ГАЗЕТАГИ ЦО-ЦО ДИРГО ПИКРАБИГИ

ГьатIан къоялъ рищиязде гьаракь кьезеян къватIиве вахъарав дида нухтIа ургъизе бачIана цере-церехун рачIарал ва ахиралда цIалдолезухъе щвараб **«Миллат»** газетазул гьурмазда рахъарал цо-цо материалазда тIад. БитIараб бицани, **«Миллаталъ»** ва гьелъул бетIерав редактор **МухIамад БисавгIалиевас** магIаралазул руцIцIахIарал ва хIинцал пикрабазде тIаде чваххунцIад гуреб, горогицин базабулеб буго. Гьалъул магIна ккола кигIанго ярагьунел, лъикIаздаса лъикIал материалал «ХIакъикъаталдаги» «Гьудуллъи» журналалдаги рахъулел рукIаниги, гьелде ругьунлъун, жидерго пикрабазе нух кьезе кIвахIаллъун рукIарал магIарул цIалдолезул чIаголъи бихьуларищ жакъа жидеего щвараб цIияб газеталде хъвадариялъул абураб. Гьеб лъикI буго, амма **М.БисавгIалиевасги** кинабго бачIарабщинаб газеталда бахъичIого, щибаб материалалъул мухIканго хал гьабизе ккела, лъикIалъе лъикIаб, хашалъе букIине кколеб къиматги кьун. Гьелъие гьесул лъидасаго тIокIаб махщелги гьунарги буго.

РакI-ракIалъ абуни рекIее гIечIо Гъизилюрталдаса ГIабдула МухIамадовас аваразул машгьурав шагIирги журналистги МухIамад ПатахIовасде гIайиб гIунтIизаби. Ле, гьудулав чи ГIабдула, гьев ПатахIов вуго ниж гьанже чIахIияб гIелалъулаллъун лъугьарал шагIирзабаздаги хъвадарухъабаздаги лъикIго вичIчIулев, гIемер цIамгун чед цадахъ кванарав, адабияталъул асаразул гъварилъи, мацIалъул пасихIлъи ва бегIерлъи лъикIго лъалев ва бичIчIулев чи. ЦIадаса ХIамзатил кочIол куплет мисалалъе бачиналъ, дуе бокьухъе рагIаби хадур-цере лъун хис-хизариялъ кIудияв шагIирасул рагIабазул сокIкIин, мацIалъул пасихIлъи, чвахун бачIин (аллитерация абула гIурусалъ гьелда) хвезабулеб буго. ХIамзатил Расулил гурелги гIемерисел нилъер машгьурал шагIирзабазул асарал рекIехъе лъалев, бокьараб асар диваналдеги босун гьелъие битIараб къимат кьезе кIолев редактор МухIамад БисавгIалиевас щай гьадинал кьучI гьечIел жал кIвар гьабичIого толелги. Гьелде данде рагIи абулел, дунго гIадал цогидалги рукIинин ва гьелъ газеталде материалал цIикIкIун рачIинилан ракIалде ккун гуродай?

Хадубго ЧIикIаса Расул ургъун вукIаравани, жиндир гьудулалъул хIасраталъул ва хIайранлъиялъул гьогьеналъ кьурабазеги асар гьабулилан абун хъвазе. Ялъуни хъварабани:

«Кьурда гьогьен балеб,
кьахъадерил гIор,
Салам босун бусса,
игьалиселде».

МагIарул кочIол чваххи гьал мухъазулъ мукъсанлъаниги, дир пикруялда, гьединго лъикI бичIчIилаан гьеб цIалдолезда.

МухIамад ПатахIов вуго «ХIакъикъат» журналалъул редактор. Гьеб журналалда гурелги чан кIвар бугел, жакъа лъугьун бугеб заманалъул ахIвал-хIал загьир гьабурал асарал къватIире арал гьесул къалмикьан. ГьитIинабго гIайиб кIодо гьабизеги, гьечIеб кьара гьабизеги лъугьунел нилъер цо-цояз беразда хъатал чIвалел руго. Гьеб адабияталъ беццулеб жо гуро.

Газеталда рахъун руго Залпа МухIамадрасуловалъул кучIдулги. Гьезие редакторас хъвараб цебергIиялда абулеб буго: **«Залпал кучIдул рахъичIо магIарул газеталда, журналалда. Гьел рахъизе ккани, шагIир ине кколей йикIун рагIула къвалакь кучIдулги ккун газетазул, издательствоялъул ва журналазул редакторазухъе, гьезулгун гьоркьорлъаби гьаризе, кучIдул рецциизе, хIелхIедизе ва гьезие рекъолеб мацI бицине»,** - ян. Йохъ, дир гьудул МухIамад БисавгIалиев, дун тIад рекъоларо гьеб дур пикруялда. ХIалхьезегIан руго магIарул шагIирзабиги хъвадарухъабиги. Гьел рачIуна редакциязде жидерго асаралги росун, цIалула, хIадурлъула, рахъула. Амма Залпае нух лъицаго къан букIинчIо ва нужехъе ячIине, ячIаралъуб гьелда лъицаниги абичIеблъи лъала данде кколареб рагIиги. Нагагь дандчIвайдал, дицагоги чанцIул абураб гьелда щай нижехъе ячIунарей дурго кучIдулги росунан. Жакъа дур газеталдасан магIарулазе гьей дуца цIидахъе рагьулей йигин абиги дур мекъаб букIина. Гьей хIалтIулей йикIана «Лачен» журналалда, рахъулел рукIана кучIдул «Гьудуллъиялда» ва басмаялда рахъарал антологиязда. Амма ахирал соназда гьей редакциязде яккичIолъи лъилго гIайиб гуро, гьеб дудаги лъазе ккола.



Залпа МухIамадрасуловалъул асаразул гьаб тIоцебесеб кечI лъиде гьабурабали тIад хъвазе кколаан, шакдаризе тIамичIого. Радуевасе суд гьабунин ккола Шамил районалдаса мунагьал чураяв Багьужа ГIонжоловас. Цогидал кучIдулги, гьайгьай, гIезегIан пасихIго хъварал руго, цо-цоязулъ жиндирго пикрабазул такрарлъи загьирлъулеб букIаниги. Берталъги концертаздаги ахIулел кучIдузде юссинчIого Залпае лъикI букIинаан кIуди-кIудиял темабазда квер балебани.

«ШагIирлъи дие хIалхьиялъ кьуна» абураб макъалаялда ракIалде бачIа-бачIараб хъван вукIинчIого кин лъалареб ГIалихIмадилазул ГIабдулагьида Дагъистанги гьелъул халкъалги рорхизариялъулъ доб захIматаб заманалда **ГIабдурахIман Даниялов**ас гьабурабщинаб. Цогидалъул бицинчIониги, лъарагIлъиялъул авлахъазда хал щай гьабулареб, гIаздакьги кьурабалъги къан рукIарал магIарул цо-цо язихъал росаби гьенире гочинеги гьарун, жакъа кин гьел тIегьалел ругелали. Гьединлъидалин гьев жакъа лъарагIазеги рихарав вугев жидер ракьалда гIумру гьабизе магIарулал гочинарунин абун. Гьеб цо-цо магIарулазда бичIчIичIо, мугIруздаго чIана, жакъайин абуни, гочаразул гIумру-магIишат бихьидал килшал хIанчIиялде ккун руго.

ЧIахIияб гIелалъул нухмалъулездаги гьикъе Даниялов Дагъистаналъул бетIерлъиялдаса вахъиялъе гIилла. Гьес къабул гьабичIо ядерниял хутIелал нилъер мугIрузда рукъизе ккелин абураб Брежневасул тIадкъай.

Чанго рагIи абизин **ГъазимухIамад ГьалбацIовас «Миллат»** газеталъулги, нижер «Гьудуллъи» ва «Лачен» журналазулги гIуцIараб гургинаб столалъул рахъалъ. Телевидениялде гьеб передачаялде унаго диргоги журналазул редакторал М. ГIабдулхIалимовасулги М.Хириясулаевасулги мурад букIана журналазул ва гьезда рахъулел материалазул бицун, нижее рес щвелин цIалдолезул жеги цIикIкIараб кIвар гьезде бусинабизе ва гьединлъидал тIасияб 2012 соналъе гьабулеб подпискаги цIикIкIинилан. Амма байбихьудасанго нижер хьул къотIизабуна, заманалъул ахIвал-хIал, гIадамазул гIумруялъул мискинлъи-бечелъиялъул ургъелцин гьабичIого, кидаго гIадин гьес кьолел тIасан ккарал суалаз. ХIукуматалъ харжги кьун рахъулел журналазул тираж щайзедила дагьлъараб, гIадамаз гьел хъвачIого теялъе гIилла щибдайила ккараб? Гьел жеги къачIого киндила хутIарал?

Ункъо, щуго соналъ цере Дагъистаналъул мацIазда рахъулел литературиял журналал общественнияб гIуцIи хIисабалда хъвадарухъабазул Союзалъул тIалабалда рукIин хIисабалдеги босун, Минфиналъ гьелъие биччалеб бюджеталъул гIарцул сметаялда лъун букIана ноль. Дунги Хъвадарухъабазул Союзалъул председатель **МухIамад АхIмадовги** гьанжего гьанже вищарав Дагъистаналъул Президент **МухIу ГIалиевасухъе** кагъатги босун ана, журналал къачIого теялъе кумек гьарун. МухIуца цIакъ бихьинчияб ва гIакъилаб жаваб гьабуна нижее: **«Дун лъугьине гьечIо нилъер халкъазул цохIого цо ругел журналазе хоб бухъулев чилъун!»**

Амма Россиялъул цо-цо регионазда гьезие нухмалъи гьабулел руководителазул тIалаб гьечIолъиялдалъун гIемерал басмаялъулал органал къана. Дагъистаналъул халкъазул анцIила ункъо мацIазда рахъулел **«Гьудуллъи»** ва **«Лачен»** гIадал журналал жакъа цIалдолезул гъира балеллъун берцинал лъугьун руго. Хасго гьитIичазул ракIал тIаде цIаледухъ суратаздалъун къачIан рукIуна **«Соколенок»** журналал. Гьел рахъула микьго батIиял мацIазда. Киналго журналазул гIаммаб тираж санайил бащалъула 12 азаргоялда. Журналазе пачалихъалъ биччалеб гIарцуда рекъон, гьеб тираж гIураб буго.

Чанго рагIудалъун абизин журналазда рахъулел хъвадарухъабазул асаразул рахъалъги. Хъвадарухъаби гIемерал руго, амма хъвалеб хIакъикъияб асар дагьаб буго. ГIемерисел гьанже хъвадаризе лъугьарал шагIирзабазул, хъвадарухъабазул асарал рукIуна загIипал, тIад квер лъезе ккарал. Гъ.ГьалбацIовасул ургъичIого кьураб суал букIана: **«Щайзедайила нужеца гIолохъанал авторазул асарал къачIалел, гьединго рахъичIого!»** - ян. Гьел гьединго рахъаралани щибдай абилаан цIалдолез? ГIун рачIунезе хIажалъула битIараб нухтIе ккезари, гьезда адабияталъул магIна-гъварилъи бичIчIизаби. Гьединлъидалин гьезие пайдаялъе гIоло тIоритIулел гIолилазул мажлисалги, гьенир гьезул асаразе къиматал кьолелги. Гьеб нухтIасан аралин адабияталъул борхалъиялде рахарал, нилъер ва цогидал бакIазул киналго перцоялги. ТIад хIалтIанагIан камилал, пасихIал лъугьуна асарал. Масала, Лев Толстояс «Рагъ ва рекъел» абураб кIудияб роман жинцаго къачIа-кIатIалаго анцIила лъабго нухалъ цIидахъе хъван буго. ГIумруялъул ахирал соназда, унтун вукIиналдалъун, Расул ХIамзатовас дун аскIове ахIулаан хъвалеб-толелъе кумекалъе. Цинги гьес абураб дицаги хъвалаан. Цо нухалда гьесул хъвайхъвагIаязул тетрадалда дида ратана чанго нухалда цIидахъе хъвалаго тIад хIучч цIарал куплетал. ХIикмалъун хутIарав дица цIехана: **«Гьаб цого жоялъул такрарлъи кин бичIчIилеб, Расул?»** – ан. **«ГIабдула, гьел куплетал дица къачIалел рукIана, хадуб цойиде ккезаризе».**

Мисалал гIемерал рачине бегьула хъвадарухъабазулги хъвадариялъулги рахъалъ. Хъварал, басмаялда рахъарал асаразе къимат кьезе дур махщел якъинаб буго **МухIамад БисавгIалиев.** Гьаб макъалаялда цо-цо гьудуласда тунка-хIусулел жал ккун ратани, тIасаги лъугьа. Гьеб буго адабияталъул ва жамгIиябгун политикаялъул нухтIа кьварун цебехун гали лъолеб нилъер «Миллаталъул» даража дагьабги борхизабиялъе гIоло дудехун бугеб насихIат. «ХIакъикъаталда» тункизарулел жалги рехун тани бегьилаан. Гьеб бугелъул нилъер хIурматияб, чанги къеркьеязулъ лъадарараб, саназул рахъалъ нусилъе гали лъураб хIурматияб газета.

Пикрабазе гъварилъи, къалмие бегIерлъи нужее.

Васалам ва калам.

! **М.БисавгIалиевасги кинабго бачIарабщинаб газеталда бахъичIого, щибаб материалалъул мухIканго хал гьабизе ккела, лъикIалъе лъикIаб, хашалъе букIине кколеб къиматги кьун. Гьелъие гьесул лъидасаго тIокIаб махщелги гьунарги буго.**

ХАДУРАГIИ:

ХIурматияв ГIабдула, тIоцебесеб иргаялда, баркала буго «Миллат» газеталде хъвараб кагъаталъухъ ва нижее гьарурал пайдаял малъа–хъваязухъ. Нижеца гьел киналго хIисабалде росила. Амма нижер микьго гьумералъул гьадингоги къанагIатал гьурмазда дур гьумергун башдаб кколеб макъалаялъе бакI гIолеб гьечIо. Гьебги хIисабалде босун хIукму гьабуна цо гьумералде хъвай – хъвагIай бачине аслиял пикрабиги цIунун. Гьелдаго цадахъ дица гIажаиблъи гьабуна нижеда жеги лъаларев, гьанир хъвадарулелщиназдаса пасихIаб мацI ва шагIирлъи загьирлъарав автор ГIалихIмадилазул ГIабдулагьил хъвай –хъвагIаялъулъ дуда щибниги халлъичIолъиялда. Гьесул хъвадаризе бугеб махщелалде дуца кIвар кьечIо, пикрабазде дагIба бан гурони. Дунгоги разияв гьечIо гьесул Данияловас**да хурхун бугеб пикруялда, амма кечI ва кагъат хъвазе бугеб гьунаралъ асир гьаруна ниж. Дуца хъвалеб буго «ХIакъикъат» газеталда тенкезеги рекъон гьечIин. ЦIакъ битIараб рагIи! Дир щибниги дандеккунгутIи гьечIо гьеб газеталъулгун. ЦIале анлъабилеб гьумералда редакторасулгун дагIбаялда республикаялъул Верховный Судалде щвезегIан арав ва гьенив бергьарав мухбирасул кечI. ГьабсагIаталдаги къотIун гьечIо гьениб лъагIалица халат бахъараб тенкей ва диваназул процессал. Цо – цоял квер хьвагIун нахъе ана. Дуца бице, хIурматияв халкъияв шагIир, гьеб ритIухълъи гьечIолъиялда тIаса халкъ кинаб газеталде гIарзалъ ине кколеб? Журналистазул союзалдейищ, ГIалил росуцоязухъ ругел хутIарал газеталдейищ, Дагъправдаялдейищ, ялъуни гьедигIан маслихIат берцин бихьарав дур «Гьудуллъиялде» ва «Лаченалдейищ»? Гьеб кинабго бихьун ва бичIчIун гIуцIарабги буго «Миллат» газета. Дуе баркала буго кагъатихъ, мун рекъечIел бакIал ратани тIасаги лъугьа, амма бокьилаан цохIо нилъерго гьоркьорлъабазул гурел сверухъ ругезул хIалги хIисабалде босани.**

ХIурматгун редактор

подписка

« М И Л Л А Т » - МАГIАРУЛАЗУЛ ЖАМГIИЯБ ВА ПОЛИТИКИЯБ ГАЗЕТА

«Миллат» газеталъ щибаб рузман къоялъ магIарулазе рагьизе руго росабалъги, шагьараздаги, улкаялдаги ругел цIиял харбал, лъугьа-бахъинал, гьезда тIаса пикраби, бахIсал, машгьурал гIадамал ва гьезие санагIат гьечIел суалал, сапаралдаса хъвай – хъвагIаял, тарихалъул тIанчал ва ракIалдещвеязул щенолел цIадал, цIалдолезул пикраби, дандерижиял, кагътал, кучIдул ва кинабго миллаталда хурхараб щинаб рагьизе буго нужое магIарулазул цIияб, эркенаб «Миллат» газеталъ.

Миллаталъул милат гьабулев щивав магIарулав ахIулев вуго цIияб соналъе «Миллат» газеталъе подписка гьабизе ва гьелда тIаса пикраби загьир гьаризе. Нижер индекс: бащдаб лъагIалил 31169, лъагIалил 31172. Газета хъвазе бегьула киналго почтаялъул отделениязда ва Дагъпечаталъул киосказда.

Багьа:
бащдаб лъагIалие – 240 гъурущ.
лъагIалие – 480 гъурущ

бахь-архив

Нилъер аваразул журналистикаялъул тарихалда цIалдолез бищунго къабул гьабураб лъугьа – бахъинлъун рикIкIине бегьула 90 абилел соназул байбихьуда гIолохъабаз магIарул газеталда жаниб гIуцIараб «Бахьикъос». Лъабкъоялда анцIго соналъ цензураялъ гъанкъун, дагьабниги эркенаб пикру щурун гъасда цоцадехун бицине кIолареб халкъалъе эркенго хIухьел цIазе ва рекIеда бугеб кагътиде босизе нух рагьана «Бахьикъосалъ». ГIужилаб каламалъги, кепаб хабаралъги, матIуниса гIадин тIалъиги халкъги бихьизабулеб бегIераб сатираялъги нух бахъизе кIвана нус – нус аваразул цIалдолезухъе. Гьебги хIисабалде босун, «Миллат» газеталъ кьолел руго «Бахьархивалдаса» цо – цо замана ва халкъ бихьизабулел хъвай – хъвагIаял.

Горбачевасухъе рагьараб кагьат

Гьанже гьабизе гIемер хIалтIиги гьечIого, газетал, журналал цIалиялде ккун ватила Горбачев. Раисагун цадахъ ГьаракIуниве тира-свериз вачIине гьесда ракIалда батани, "Бахьикъосги" цIаличIого букIине рес гьечIо. Гьединльидал гьесда цIализе бихьиледухъ газеталда бахъизе дица битIулеб буго Горбачевасухъе хъвараб рагьараб кагьат.

"Привет, хIалчIахъад! Дун я цIализе, я хъвазе лъалей чIужу гуро, гьединлъидал гьаб духъе хъвалеб кагъатги дица гьарун цо депутатасда хъвазе гьабуна, кин букIаниги дудехун цо кIалъай гьабизе бокьиялъ.

Горбачев, дуца гьабун тараб жо щиб? Я гьекъезе чай гуро, чайдалъе базе чакар гуро, чури тIезе ведро гуро, хинкIида чIвазе гIучI щоларо, щущан буго хIукумат. Я гьудулав чиха, ваххилан хабарги бицун нухда кколеб жойиланищ дуда аб гIумруги, миллатал гIемераб пачалихъги ккун букIараб? Дур цIар бахъарабго дида рииялъ кочIодаги букIун кьиндал бакъун хвараб гарцI ракIалде щола.

Мунагьал чураяв Сталин вукIарав бихьинаб хIара, пакъирасул холеб мехалъ тIад базе мусруги букIун рагIуларо. Дурилан абуни, цохIо Швейцариялъул банкалда бугеб къулгьудахъудалъухъ дур тухумалъул киназдего гIунтIун мусру босизе щолеб рагIула. Я дир васха, херай гIаданги йигелъул цо бозил кесекгIаги диеги битIейилан абе дурго Бикаде.

Дуца данде жаваб бачIани, цоги кагьат хъвала дица, херай гIадан йикIаниги. Мунги гьедигIан квешав чи гьечIилан ккола. Нагагь дуе Генеральный секретарьлъун лъугьине къваригIани, дица гьаракь дуе кьела. Дунги, батIаго дур Раиса гIадин цIвака-гIанкарай гьечIониги, "изнакумству" гьабизе бегьуларей гIадан гьечIо.

Нижер аниб нужехъ гIадин гьаваялда рукIине рес рекъолароха. Цин квен-тIехилан, цин боцIи-панзилан, цин рагIи-херилан, минуталъ чIезе регIуларо хIалтIуца.

Амма элъ гIадин пудра-мудра бахани, цее рехун ячIине бегьула дунги, дагьай мугъзалъа къуларай йигониги.

Дир гьев Москваялда вугев инсул вацгIал ГIалибегхIажи вихьани, эсда салам бице, гIемер дур бицунев вукIунин эв, росулъе вачIиндал. Дица тана, ГьаракIунир дандчIвала.

Пока!! Досвиданий!

Занирхазаз

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

ГIалихIмадилазул ГIабдулае баркала гIакъилаб ва гIужилаб хъвай-хъвагIаялъухъ.

8988 … .. 41

Нужеца хъвалеб жоялда хадур гъолеб хIал гьечIо «Миллат»! РакI бацIцIадго рагье цохIо балъголъи, щал нужеда нахъа ругел ва лъил мурадазе гIоло хIалтIулел чагIи нуж.

МагIарулав

Байбихьул номеразда МухIу ГIалиев веццулев вукIана нужеца, гьанже гьесдеги гъегъ балеб буго, лъил мурадазе гIоло?

8928 … ..17

ГIадаллоца ботIрода квер бахъунищали лъаларо, ГъалбацIовасул пикраби роцIцIунел руго.

8963 … .. 20

Нужеца РГВКаялъе кьураб интервьюялдаса бичIчIана цохIо пикру, бищунго «Миллаталъ» тату хвезабун рагIула Гъалбацовасул

Хьиндалав

ГIалихIмадиласул ГIабдула, кигIан миллат кантIизабизе гIураб гIакълу дулъ батаниги цохIо гIантлъи борчIана дур, Даниялова сда рекъонгутIи.

8960 … … 41

ПатахIов какизе кин нечечIел нуж?

8960 … .. 40

«ХIакъикъаталъ» кин хIалтIудаса рахъулел «Миллаталъул» хIалтIухъаби?

Аварав

СихIирлъулел руго «Миллаталъул» ясал: керен чучиялъе «Миллаталъе» хъван, чехь гIорцIиялъе «ХIакъикъат» гуккун.

Добго Лологъонилъа дойго ХIаписат

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби



Гъуниб росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
ООО «МИЛЛАТ»

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

E-mail:bisav@mail.ru

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев
Рамазан Ражабов
Ашахан Юсупов

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала,
ул. Дзержинского, 17 б.
7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0I05 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.